**O'ZBEKISTAN RESPUBLIKASI AWIL HA'M SUW XOJALIG'I MINISTRLIGI**

**Toshkent ma'mleketlik Agrar Universiteti No'kis filiali**

***"Agronomiya" fakulteti "Awil xojaliq eginleri tuqimgershiligi ha'm selektsiyasi" ta'lim bag'dari***

***3-kurs studenti Erimbetova Arzayimnin'***

***"G'awasha selektsiyasi ha'm tuqimgershiligi" pa'ninen***

# KURS JUMISI

***Tema : Sort sinaw maydanlarin ko'zden ha'm esaptan o'tkiziw ta'rtibi ha'm sha'rtleri.***

***Qabillag'an_____________ Nag'imetov O.***

***Orinlag'an _____________ Erimbetova A.***

***2016-jil***

# Mazmuni

I. Kirisiw

II. A'debiyatlardan sholiw

III. Tiykarg'i bo'lim

3.1. G'awashada sort sinaw :

3.2. Ma'mleketlik sort sinawdin' a'himiyeti ha'm waziypalari :

3.3. Jan'a sortlardi jaratiw barisinda sort sinaw tu'rleri:

3.4. Ma'mleketlik sort sinawda sort sinaw tu'rleri :

3.5. Sort sinaw uchastkalarinda baxlaw ha'm esap sanaq jumislari.

3.6. Jan'adan jaratilg'an g'awasha sortlarin ma'mleketlik sort sinawg'a qabil qiliw ha'm olardi rayonlastiriw.

3.7. Jan'a sortlardi ma'mleketlik sort sinaw komissiyasina inam etiw .

IV. Juwmaqlaw

V. Paydalanilg'an a'debiyatlar

# *Kirisiw*

*O’zbekistan Respublikasi Prezidenti I .A . Karimov 2013 – jildin’ tiykarg’i juwmaqlarina bag’ishlang’an Ministrler kabinetinin’ ma’jlisinde aytilg’an “ O’zbekstan paxtakeshleri ha’m ba’rshe miynetkeshlerine ” atli bayanatinda - Qa’dirli doslar !*

*Bu’gin ba’rshe jurtimiz , O’zbekstanimiz o’mirindegi quwanishli bir waqiya menen , yag’iniy ma’mleketimiz paxtakeshleri o’z jelkesine alg’an sha’rtnama rejesin a’wmetli juwmaqlap u’lken miynet jetiskenligin qolg’a kiritkeni 3 million 400 min’ tonnadan ziyat u’lken xirman menen ba’rshen’izdi shin kewilden qutliqlayman dep u’lken minnetdarshiliq bildiredi.*

*Ayirim firma xojaliqlari awil xojaliq eginlerinen zu’ra’a’t alip atirg’anlig’in ha’m ja’nede uluwma o’nimdi arttiriw mu’mkinshilikleri bar ekenligin atap o’tti.*

*Usinin’ menen birge biz awil xojalig’i tarawsnda birinshi gezekte topraqtin’ o’nimdarlig’in arttiriw ilajlari ko’riw barliq agrotexnikaliq ilajlardi o’z waqtinda orinlaw zamanago’y agrotexnikalardi engiziw selektsiya ha’m tuqimgershililikti bunnan bilayda rawajlandiriwja’na qoshametlew menen baylanisli. Elege deyin iske qosilmag’an imkaniyatlardin’ bar ekenin biliwimiz kerek ekenin aytip o’tti.*

*Selektsionerdin’ waziypasi awil xojaliq eginlerinin’ joq bolip ketiwin ta’miyinlew bolip esaplanadi.*

*Tikarg'i bo'lim*

***Sort sinaw maydanlarin ko'zden ha'm esaptan o'tkiziw ta'rtibi ha'm sha'rtleri.***

------------------------------------------------------

## *3.1. G'awashada sort sinaw :*



*SORT SINAW UCHASTKASI*

***Ma'mleketimizde selektsiya erisken jetiskenliklerden u'nemli paydalaniwdi ta'miyinlew ushin ilimiy – ta'jribiybe orinlarinda jaratilg'an taza sortlardi u'zil - kesil bahalaw ha'm bul sortlar tarqaliwi mu'mkin bolg'an rayonlardi aniqlaw boyinsha is alip bariwshi arnawli Ma'mleket sort sinawi payda etilgen .***

*Ken'eytirilgen sort sinaw uchastkasi kontrol na'lxana depte ju'rgizilip , bul jerde g'awasanin' ju'da' ko'p ( 30 – 40 qa jaqin ) liniya h'am sortlari u'yreniledi . Bulardin' u'shten bir bo'legi basqa orin ya'ki selektsionerdiki boliwi mu'mkin . Sinaw ushin mo'lsherlengen liniya ha'm sortlar selektsiya na'lxanalarinda bazan qospaqlar ko'ketzarlarinda f 4 den son' ajraladi . Sort sinaw ushin tan'lang'an uchastka tegis ha'm toprag'i bir tu'rde o'nimdar boliwi kerek . Selektsiya isleri alip barilatug'in jerdin' agrotexnikasi rayon ushin say boliwi za'ru'r . Uchastkadag'i barliq agrotexnika isleri bir mu'ddette alip bariliwi kerek . Ken'eytirilgen sort sinaw uchastkasina shigit alti ret ta'kirarlap ha'm bir yaki birneshshe poyasqa egiledi . G'awasha sort sinawinda a'dette xojaliq yaki standart metod qollaniladi . Ha'r bir sort eki qatarg'a 75 uyadan egiledi . Standart sort ha'r bir 3 - 6 qatardan keyin egiledi . Eki standart aralig'inda jaylasqan sortlar blok payda qiladi . Bir attag'i bloklar arasinda sortlar jaylasiwi ta'kirarlaniwi ha'r dayimg'iday boliwi kerek .*

## *G'awashanin' shaqalaniwin esapqa aliw*



*Ken'eytirilgen sort sinawda erte piserlikti , bazan basqa belgilerdide , misali shaqalaniwin esapqa alip , sortlar birlestiriliwi lazim . Gruppalarg'a qosiwdan maqset olardin' biologik qa'siyetlerine qarap agrotexnikani pariqlawdan , missali , erte piser ha'm orta piser sortlar ushin ha'r tu'li suwg'ariw rejimin qollawdan ibarat . Ken'eytirilgen sort sinawda to'mendegishe gu'zetiw ha'm esaplaw isleri alip bariladi :*





*Suwg'ariw usillari*

## 3.2. Ma’mleketlik sort sinawdin’ a’hmiyeti ha’m waziypalari :

Ma’mleketimizde selektsiya erisken jetiskenliklerden na’tiyjeli paydalaniwdi ta’miyinlew ushin ilimiy ta’jriybe orinlarinda jan’a sortlardi u’zil kesil bahalaw ha’m bul sortlardi tarqatiw mu’mkin bolg’an rayonlardi aniqlaw boyinsha is alip bariwshi arnawli ma’mleketlik sort sinawi jaratilg’an . Ma’mleketlik sort sinawi eginlerdi ma’mleketimizdin’ dalalarg’a tuwri jaylastiriw ushin jan’a sort ha’m qospaqlardi ken’ tu’rde bahalaw menen shug’illanadi . Ol selektsiya ta’jriybe orinlarina qarasli bolmag’an erkin tarmaq esaplanadi.

Ma’mleket sort sinawdin’ tiykarg’i waziypasi sinalip atirg’an barliq sort ha’m qospaqlarg’a toliq , haqiyqiy ha’m aniq baha beriw ha’mde olar arasinan rayonlartiriw ha’m islep shig’ariwg’a ina’m etiw ushin en o’nimdar , tovardi ha’m belgileri qimbatli bolg’anlarin ajiratip aliwdan ibarat .

Usi da’wide bul ja’miyet qaramag’inda ma’mleketimizdin’ barliq teretoriyasinda tiykarinan selektsiya ha’m ta’jriybe stansiyalari bazasinda is alip barg’an 450 sort sinaw dalalari bar.

## *SORT SINAW USHASTKALARI*





***Sort sinaw ushastkalari ma'mleketimizdin' barliq topiraq iqlim zonalarina aytarliq bir tegis jaylastirilg'an . Ha'r bir sort sinaw ushastkasi topiraq iqlim sharayati bir qiyli bolg'an 4-8 mamuriy rayong'a xizmet qiladi . Olar ko'binshe zonanin' jetekshi kolxoz – sovxozlarinda payda etilgen . Olardin' iqtiyarina ha'r dayimli paydalaniw maxsetinde dala eginleri ushin 60 -100 ga , texnik eginler ha'm savzovatlar ushin bolsa 40 da su'riletug'in jer ajiratip beriledi . Sort sinaw ushastkalari texnika ha'm jumisshi ku'shi menen jeterli da'rejede ta'miyinlenedi .***

## 3.3. Jan’a sortlardi jaratiw barisinda sort sinaw tu’rleri:

Selektsiya ilimiy - ta’jriybe orinlarinda sort jaratiw protsessinde sort sinawdin’ to’mendegi tu’rleri : da’slepki ( kishi ) sort sinaw , konkurs ( tiykarg’i ) sort sinaw , islep shig’ariwda sort sinaw ha’m arnawli sort sinaw ushiraydi .

Da’slepki ( kishi ) sort sinaw . Bul jerde tekseriw na’l xanalarda en’ jaqsi na’tiyje bergen ko’shirmeler ( nomerlar ) sort sipatinda da’slepki sinawdan o’tedi .

A’dette da’slepki sort sinawda keminde 25 – 30 jan’a sortlar qatnasadi , ayrim hallarda 100 ha’m onnanda artiq sortlar qatnasadi . Bunday waqitta eki ta’jiriybe o’tkeziledi . Bul waqitlarda sortlar eki ta’jiriybe sinawlarinan o’tkeziledi . Bul dalada tuqimlar ornatpa traktorlar sealkalari menen islep shig’ariliw normasinda qabil qiling’anda egiw normasi boyinsha egiledi .

Kishi paykallarning maydani a’dette 25 – 50 metrden ibarat baladi . Sortar to’rt ta’kirarlaniwda jaylastiriladi , ha’r 5 —10 sorttan keyin kontrol sort egiledi .

Konkurs sort sinawi . Da’slepki sort sinawda qatnasqan , ko’plegen sortlar ishinen ajiratip aling’anlari konkurs sort sinawg’a qabil qilinadi . Konkurs sort sinawdin’ waziypasi jan’a sortlarg’a control sortqa ha’m basqa selektsiya – ta’jriybe orinlarinin’ en’ jaqsi sortlarina salistirg’an ha’da xojaliq – biologik belgilerinin’ jiyindisi boyinsha tiykarg’i baha beriwden ibarat . Bul jerdegi sinaw na’tiyjelerine muwapiq qimbatli qa’siyetlerge iye bolg’an en’ jaqsi sortlar ma’mleket sort sinawina tapsiriladi .

## *3.4. Ma'mleketlik sort sinawda sort sinaw tu'rleri :*

*Sortlarg'a baha beriwde isenimli mag'lumatlar aliw ushin barliq sinalip atirg'an sortlardi topiraq o'nimdarlig'i , jer juzi, a'wlatlar qollanilatug'in agrotexnika ha'm basqa jumislar boyinsha salistiriw mu'mkin bolg'an ta'rizde jaylastiriw lazim.Bunin' ushin sort sinawdan aldin dalag'a tekseriwshi egin egip ko'riw ha'm bul egin o'nimdarlig'ina qarap dalani u'lken maydanlarg'a ajiratiw kerek.*

***Ma'mleket sort sinaw uchastkalari o'z jumis qa'siyetlerine qarap birneshe tu'rge bo'linedi :***

*1. Dala eginleri boyinsha.*
*2. Sabzovot eginleri boyinsha.*
*3. Subtropik eginler boyinsha.*
*4. Tut boyinsha.*
*5. Sali boyinsha.*
*6. Arnawli entomo-fitopatalogik sort sinaw boyinsha.*
*7. Agrotexnik jumislar boyinsha*










## *3.5. Sort sinaw uchastkalarinda baxlaw ha'm esap sanaq jumislari.*

***Konkurs sort sort sinaw orininda to'mendegi baqlaw ha'm esapqa aliw isleri alip bariladi .***

***Japiraqlawi ha'm 50 % japiraq shig'iwi , gu'llewi ha'm jetiliwi .***

***O'simliklerdin' 1 iyun , 1 iyul ha'm 1 avgusttag'i jag'dayi .***

***Gu'llew da'wiri sorttin' sapliq protsenti .***

***O'simliklerdin' vilt , gommoz , makrosporioz , tamir shig'iw kesselliklerdi menen ziyanlaniw protsenti .***

***Talshiqtin' texnologik sipatlarin aniqlaw ushin 25 go'rekten ibarat u'lgi nusqa alinadi .***

***Go'rektin' iriligin talshig'inin' uzinlig'i ha'm salmag'in shigitinin' absalyut awirlig'in aniqlaw ushin ha'mme tu'pten 200 u'lgi go'rek u'lgi alinadi .***

***Birinshi suwiq tu'skenge shekem bolg'an ha'm uliwma o'nim esaplanadi .***

***Paxta o'nimi mashinada terilgende sortlardin' og'an saylig'ina baha beriledi.***

# PAXTANI MASHINADA TERIW







## 3.6. Jan'dan jaratilg'an g'awasha sortlarin ma'mleketlik sort sinawg'a qabil qiliw ha'm olardi rayonlastiriw.

Ma'mleket sort sinawinin' waziypasi selektsiya orinlarinda shig'arilg'an jan'a sortlarg'a ha'r ta'repleme aniq baha beriw, bekgiler jiyindisina qarap en' ajqsi sortlardi inam etiw ushin ajratiw, egiletug'in rayonlardi aniqlawdan ibarat.

Ma'mleket sort sort sinawi O'zbekistan awil xojalig'i ministrligi ma'mleket komissiyasi ta'repinen alip bariladi.Bular selektsiya orinlarinan ashiqtan ashiq g'a'ressiz esaplanadi. Komissiya qaramag'inda ju'da ken' sort sinaw uchastkalari bolip ,olar ma'mlekettin' g'awasha egiletug'in tu'rli orinlarinda jaylasqan.Ma'mleket sort sinaw stsnsiyalari belgili ta'rtipte is alip baradi.Ma'mleket sort sinaw stansiyalari tarmag'ina selektsiya orinlarindag'i u'sh jilg'i konkurs sort sinawda o'nimdarlig'i ha'm basqa xojaliq belgileri menen u'stinlik qilatug'in bir tu'rde bolg'an sortlar tapsiriladi. Sondayaq shet el selektsiyasi sortlarida sinaliwi mu'mkin.

**Paxtasinin' toqimashiliqtag'i iriligi jag'dayi bo'lek bahalanadi**



**Selektsioner sort avtori sort agrotexnikasi , ha'm sinalatug'in rayonlar tuwrisinda tavsiyanama keltiriwi kerek. Seleektsioner ma'mleket sort sinaw tarmaqlarin ha'r uchastkag'a 20-25 kg esapta jan'a sort shigiti menen ta'minlep sorrti uchastka adresine jiberi kerek. SHigit kelesi jil sinaw ushin sinaw ushin dala aktti menen tastiyqlang'an boliw kerek. Biraq shigitti da'slepki ko'beytiriw xojaliqlardan alip egiw maxsetke muwapiq boladi. Sebebi sort sinaw uchastkasinda tuqimliq aliwda tekseriletin sortlardin' shigiti mexanik ya'ki biologik aralasip ketken boliwi mu'mkin. G'awasha sort sinaw uchastkasina basqa eginler egilmiydi.**

## *3.7. Jan’a sortlardi ma’mleketlik sort komissiyasina inam etiw .*

*Jan’a jaratilg’an sort selektsiya ta’jiybe orinlarinda o’zinde tiyisli sinawlar waqtinda rayonlastirilg’an standart sortqa qarag’anda bir qansha joqari o’nim Bergen ha’m zattin’ sipat ko’rsetkishleri boyinsha da u’stinlikke iye bolg’an bolsa bul sortti jaratqan jer oni ma’mleket sort sinaw komissiyasina sinaw ushin beriw huquqina iye boladi . Bunda jan’a sortqa tiyisli nomer berilgen boliwi kerek . Nomerler ha’mmege tu’sinerli , a’piwayi boliwina itibar beriliwi lazim . Kobinese jan’a sortqa bir so’zli at berilip , so’zinin’ aqirina 1 ya’ki 2 ko’rsetkishli san jazilip qoyiladi . Misali : Vatan , Qizil sharq , Bezostaya 1, Tashkent 1 , S-6017 , Gerkules ha’m basqalar . Selektsiya orinlarinda berilgen sol at penen jan’a sort ma’mleket sort sinawdan o’tedi ha’m rayonlastirilsa ma’mleket sort sinaw komissiyasina jaziladi .*

*Jan’a sortti ma’mleket sort sinaw komissiyasina beriwde selektsioner sort penen birge to’mendegi hi’jjetlerdi de tapsiriwida lazim*

*Sortti ma’mleket sort sinawg’a qabil qiliw haqqinda arza*

*Sortti ma’meleket sort sinaw komissiyasina beriwi slelektsiya ta’jriybe orinlari ilimiy ken’asinin’ qararlarinan bir ko’shirme ;*

*Ma'mleket sort sinaw tarmag'i sortti eki tipte.: Kishi maydanlarda ha'm konkurs ha'm u'lken maydanlarda sanaat da'rejesinde sinaydi.Bunda ha'r bir sort 100 m/kv maydang'a egilip bir – eki bazaan u'sh poyasta ta'kirarlanadi.*





## Juwmaqlaw

Juwmaqlastirip aytqanda ma’mleketlik sort sinawi jan’adan jaratilg’an sortlarg’a ha’r ta’repleme u’zil kesil baha berip, uliwma belgili bir aymaqliq boyinsha rayonlastirip ma’mleketlik reyistrine kiritiwden ibarat sortlardi ma’mleketlik sort sinaw uchastkalarinda sinaw na’tiyjesinde ma’mleket komossiyasi standartlarg’a salistirg’anda abzallig’i bolmag’an sortlardi shig’ariw tuwrisindag’i qarardi shig’aradi.

Komissiya en’ jaqsi rayonlasqan sortlar ushin tavsiyanama beredi. Jan’a sort rayonlastirilg’annan son’ sortlar almastiriladi, yag’niy eki sort da’slepki ko’beyttiriletug’in elita xojaliqlarinda jetistirilgen jan’a tuqimlar menen almastiriladi.

# Paydalanilg'an a'debiyatlar

1. N.G. Simongulyan , S.R. Muhammadxanov . A.N. SHafrin "G'oza genetikasi selektsiyasi ha'm urug'chiligi" . Toshkent – 1974.

2. N. Yigitaliev , S. Muhammeadxanov "Dala ekinlari selektsiyasi va urug'chiligi.

3.D. Abdukarimov , T. Saparov , T.E. Astanaqulov "Dala ekinlari selektsiyasi , urug'shiligi va genetika asoslari" . 1989-jil.

4. D. Abdukarimov "Dala ekinlari selektsiyasi va urug'chiligi" Toshkent 2002.

5. N. Yigitaliev , S.R. Muhammadxanov "Dala ekinlari seleksiyasi va urug'chiligi" Toshkent 1981.

# Diqqatlarin'iz ushin raxmet!